

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan ngeunaan Modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis Téks biantara, bisa dicindekeun seperti ieu di hadapan.

Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng taun ajar 2021/2022 samemeh make Modél *Mind Mapping* kagolong can mampuh. Katiten tina aspek eusi/gagasan (12,7) aspek struktur (11,1). Aspek gaya basa (11,5), aspek kerapihan (12,6), Jeung aspek ejahan (12,2), sedangkeun rata rata aspek samemeh ngagunakeun Modél *Mind Mapping* nya éta 59,71 tina KKM 75 bisa dicindekeun can mampu nulis Dina materi pangajaran biantara.

Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng taun ajar 2021/2022 sabada maké Modél *Mind Mapping* geus mampu katiten tina hasil posttest anu ngawengku 5 aspek Tina aspek eusi/gagasan (18,48), aspek struktur (19,03). Aspek gaya basa (17,13), aspek kerapihan (17,74), Jeung aspek ejahan (16,45), sedangkeun rata rata aspek samemeh ngagunakeun modél *Mind Mapping* nya éta 88,42 tina KKM 75 bisa dicindekeun siswa mampu nulis dina materi pangajaran biantara.

Aya béda anu signifikan Tina hasil kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX C SMPN 4 Pakenjeng taun ajar 2021/2022 antara samemeh Jeung saenggeus make Modél *Mind Mapping*, kalawan rata rata peunteun pretest Jeung posttest nya éta Tina hasil pretest (59,71) ngaronjat jadi (88,42).

Aspék-aspék anu ngaronjat tina sabada ngagunakeun modél pangajaran Mind Mapping nyaéta Aspék Eusi tina saméméh (12,7) ngaronjat jadi (18,48), Aspék Struktur tina tina saméméh (11,1) ngaronjat jadi (19,03), Aspék Gaya basa tina saméméh (11,05) ngaronjat jadi (17,13), Aspék Karapihan tina saméméh (12,6) ngaronjat jadi (17,78), jeung Aspék éjahan tina saméméh (12,2) ngaronjat jadi (16,45)

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Mind Mapping* dina kamampuh nulis téks biantara nyaéta miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanana ieu

modél ngirut siswa jadi leuwih aktif. Ieu modél ogé bisa numuwuhkeun daya inget jeung kreativitas, ogé mantuan siswa pikeun diajar sacara leuwih kreatif. Kakurangan nalika ngalarapkeun ieu modél nyaéta ngan siswa nu aktif hungkul anu bisa maké ieu modél di kelas.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nyaéta seperti ieu di handap :

1) Pikeun pangajaran basa

Modél *Mind Mapping* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina materi pangajaran biantara di kelas.

2) Pikeun guru

Upamana guru rék maké modél *Mind Mapping* dina pangajaran biantara, aya sabaraha hal anu kudu diperhatikeun ku guru nalika ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* nya éta dina nangtukeun téma/topik anu umum jeung *up to date* sangkan leuwih dipikaharti ogé siswa teu hésé ngedalkeun naon anu aya dina pikiranna.

Ku sebab ieu panalungtikan teu jauh tina kecap sampurna, seueur kénéh kakurangan nu matak dipiharep aya panalungtik séjén nu nalungtik ieu modél *Mind Mapping* kalayan leuwih jembar jeung hadé.